

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan kuantitatif kalayan ngagunakeun studi kuasi ékspérimén. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta desain *pre-test-treatment-post-test* atawa anu disebut *one-group pre-test-post-test design*. Observasi dilakukeun dua kali nya éta saméméh jeung sabada digunakeunna *treatment*. Observasi anu dilakukeun saméméh eksperimén disebut *pretest* (O1), sedengkeun observasi sabada eksperimén disebut *posttest* (O2). Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan henteu diacak, tur henteu ngagunakeun variable kontrol. *One-group pre-test-post-test design* digambarkeun dina tabél di handap:

**Tabél 3.1
Desain Panalungtikan**

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O1	X	O2

Sugiyono (2017, kc. 74)

Keterangan:

O1 = nilai *pre-test* (saméméh dibéré *treatment*)

O2 = nilai *post-test* (sabada dibéré *treatment*)

X = *treatment* (perlakuan)

(O1-O2) = Pangaruh kana diayakeunna *treatment*

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh maca dongéng dina wangun kuantitatif. Anu dijadikeun sumber data ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung Taun Ajar 2017/2018 anu ngawengku:

**Tabél 3.2
Sumber Data Panalungtikan**

Jenis Kelamin	Jumlah Siswa
Lalaki	11
Awéwé	20
Jumlah Sakabéh Siswa: 31 urang	

Rina Rahmayanti, 2018

MODÉL STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN MACA DONGÉNG
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Instrumén Panalungtikan

Dumasar kana prinsipna yén nalungtik mangrupa ngalakukeun *pengukuran*, jadi kudu aya alat ukur anu luyu jeung hadé kana éta panalungtikan. Alat ukur dina panalungtikan disebut instrumén. Jadi, bisa dicindekkeun yén instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur *fenomena* alam atawa sosial anu keur ditaluntik. Sacara husus, éta sakabéh *fenomena* disebut variabel panalungtikan (Sugiyono, 2017, kc. 102).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés. Tés mangrupa runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, kamampuh *intelengensi*, jeung bakat anu dipiboga ku unggal individu atawa kelompok (Arikunto, 2013, kc. 193). Wangun tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés objéktif, ku sabab tés objéktif cocog digunakeun pikeun ngévaluasi hasil diajar anu mangrupa kamampuh nginget deui fakta-fakta, maham kana hubungan anantara dua hal atawa leuwih, jeung ngaplikasikeun prinsi-prinsip (Supriyadi, 2013, kc. 8). Tés anu digunakeun mangrupa tés objéktif wangun *pilihan ganda* (PG) anu jumlahna sapuluh *item*. Ieu tés *pilihan ganda* (PG) digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca dongéng. Kisi-kisi anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap:

Tabél 3.3
Kisi-kisi Soal

Aspék	Indikator	Nomor Soal
(1)	(2)	(3)
Eusi	Nyebutkeun tokoh	3,4
	Nyebutkeun latar	5,6,7
	Nyebutkeun galur	8
	Nyebutkeun téma	9
	Nyebutkeun amanat	10
Basa	Bisa ngartikeun istilah dina dongéng	1,2

Instrumén lembar tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
Instrumén Pretest jeung Posttest Pangajaran Maca Dongéng

1. Dongéng <i>Sasakala Situ Sanghiang</i> ditilik tina eusina kaasup kana dongéng... a. fabél b. parabel c. légenda d. mite
2. Naon anu dimaksud “Cis” dina dongéng <i>Sasakala Situ Sanghiang</i> ? a. tumbak b. bedog c. pedang d. keris
3. Saha palaku dina dongéng <i>Sasakala Situ Sanghiang</i> ? a. Sangkuriang, Nyai Dayang Sumbi, jeung Nyai Dewi Purbasari b. Nyai Dewi Purbasari, Sangkuriang, jeung Aki c. Radén Panglurah, Aki, jeung Sangkuriang d. Adipati Palémbanggunung jeung Dewi Simbarkencana
4. Kumaha watek palaku utama dina dongéng <i>Sasakala Situ Sanghiang</i> ? a. percéka b. licik c. bageur d. bodo
5. Latar waktu dina dongéng <i>Sasakala Situ Sanghiang</i> nyaéta... a. isuk-isuk b. beurang c. pasosoré d. peuting
6. Dimana latar tempat tina dongéng <i>Sasakala Situ Sanghiang</i> ? a. talaga b. walungan c. gunung d. kadaton
7. Dongéng <i>Sasakala Situ Sanghiang</i> asalna ti daérah... a. Sukabumi b. Garut c. Kuningan d. Majalengka
8. Galur dina dongéng <i>Sasakala Situ Sanghiang</i> kaasup kana galur... a. mundur b. maju c. maju mundur d. teu maju
9. Téma dongéng <i>Sasakala Situ Sanghiang</i> nyaéta... a. doraka na anak ka nu jadi indung b. hianatna jalma nu geus dibéré amanah c. jeritan haté anu kaniaya d. balukar tina meditna Nyi Bagendit
10. Amanat tina dongéng <i>Sasakala Situ Sanghiang</i> nyaéta... a. urang salaku manusa kudu silih hormatan ka sasama b. jadi budak kudu bisa nurut ka kolot sangkan hurip dunya ahérat c. ulah jadi jelema anu medit jeung nyorangan

d. cing bisa jadi jalma anu amanah lamun dibéré kapercayaan

1.4 Wangenan Operasional

- 1) Modél *Student Team Achievement Division* (STAD) mangrupa salah sahiji alternatif pangajaran anu miboga tujuan pikeun museurkeun pangajaran dina diri siswa ku cara nekenkeun ayana aktivitas jeung interaksi di antara siswa pikeun silih tulungan dina ngawasa matéri pangajaran sangkan préstasi nu dibeunangkeun ngaronjat kalawan maksimal. Ieu modél nyieun siswa babari maham kana matéri, lantaran siswa diperedih pikeun gawé bareng sacara aktif.
- 2) Maca mangrupa hiji tina opat kaparigelan basa anu miboga tujuan pikeun nyangkem idé, gagasan, informasi, ogé ma'na sangkan pamaca maham kana naon ditepikeun ku panulis

3.5 Prosedur Panalungtikan

Léngkah-léngkah nu dilakukeun dina ieu panalungtikan, di antarana:

a. Tahap Tatahar

Tahap tatahar mangrupa léngkah mimiti anu dilakukeun dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) ngaidéntifikikasi masalah nu baris ditalungtik. Masalah bakal nangtukeun bagéan-bagéan atawa objék nu bakal ditalungtik,
- 2) néang literatur jeung téori nu rélevan jeung masalah geus diidéntifikikasi jeung nu bakal ditalungtik,
- 3) ngajukeun judul proposal panalungtikan,
- 4) ngajukeun proposal panalungtikan,
- 5) ngecek karélevanan silabus jeung nyieun Rancangan Pelaksanaan Pembelajaran (RPP),
- 6) ngajukeun perizinan,
- 7) nyusun instrumén panalungtikan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola,

b. Tahap Pelaksanaan

Léngkah-léngkah dina tahap pelaksanaan nya éta di antarana:

- 1) pelaksanaan tés awal (*pre-test*) ka siswa kelas VII-D,

- 2) ngalakukeun *treatment* ka siswa kelas VII-D dimana panalungtik ngalakukeun prosés diajar kalayan make modél *Student Team Achievement Division (STAD)*,
 - 3) pelaksanaan tés ahir (*post-test*) ka siswa anu sarua, sangkan meunangkeun peunteun ahir sabada dibéré perlakuan (*treatment*).
- c. Tahap Ngolah Data
- 1) ngumpulkeun data,
 - 2) ngolah hasil data awal (*pretest*) kalawan maké *software IBM SPSS Statistics version 18*,
 - 3) ngolah hasil data ahir (*posttest*) kalawan maké *software IBM SPSS Statistics version 18*,
 - 4) nyusun laporan hasil tina panalungtikan.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés nya éta runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, kamampuh *intelegensi*, jeung bakat anu dipiboga ku unggal individu atawa kelompok (Arikunto, 2013, kc. 193). Tés anu digunakeun mangrupa tés objéktif wangun tés *pilihan ganda* (PG) anu jumlahna sapuluh *item*. Ieu tés *pilihan ganda* digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina pangajaran maca dongéng dumasar kana kompetensi jeung tujuan pangajaran.

Tés dilakukeun dua kali nya éta tés awal anu teu ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)* (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteuna kamampuh maca dongéng siswa sanggeus dibéré *treatment* modél *Student Team Achievement Division (STAD)*.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpul, dilakukeun sababaraha léngkah minangka meunangkeun jawaban tina hasil data nu geus kakumpul, nya éta saperti ieu di handap:

- 1) léngkah nu kahiji nyaéta mariksa data anu geus kakumpul. Pedoman peunteun dina ieu panalungtikan ngawengku genep aspék, nya éta siswa bisa nyebutkeun istilah, tokoh, galur, latar, tema, jeung amanat kalawan luyu.

Tabél 3.5
Data Hasil Meunteun

NAS	Aspék						P	K
	A	B	C	D	E	F		

Keterangan:

- | | |
|-------------------------|----------------|
| (1) : Nomor Absén Siswa | (5) : Téma |
| (2) : Istilah | (6) : Amanat |
| (3) : Palaku | (7) : Peunteun |
| (4) : Latar | (8) : Kategori |

- 2) Méré peunteun kana data hasil mariksa pikeun nangtukeun skor ahir, kalawan make rumus:

Pedoman Penilaian:

$$NA = \frac{\text{Skor nu kahontal}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

Tindak lanjut hasil tés atawa kompeténsi

Kriteria Ketuntasan Maksimal (KKM) = 75

Anapon katégorina bisa dititénan dina ieu tabél di handap:

Tabél 3.6
Katégori Pangajén Maca Dongéng dumasar KKM

Peunteun	Katégori
≥ 75	Mampuh. Hartina siswa mampuh maca dongéng.
< 75	Can mampuh. Hartina siswa can mampuh maca dongéng.

- 3) Sabada meunteun, léngkah nu satuluyna nya éta ngasupkeun data skor *pre-test* jeung *post-test* kana ieu tabél di handap.

Rina Rahmayanti, 2018

MODÉL STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN MACA DONGÉNG
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.7
Format Nilai *Pre-test* Kamampuh Maca Dongéng

Ngaran Siswa	Kamampuh Awal (<i>Pre-test</i>)	
	P	K
Σ		
\bar{X}		

Tabél 3.8
Format Nilai *Post-test* Kamampuh Maca Dongéng

Ngaran Siswa	Kamampuh Ahir (<i>Post-test</i>)	
	P	K
(1)	(2)	(3)
Σ		
\bar{X}		

Keterangan:

P = peunteun

K = katégori

Σ = jumlah

\bar{X} = rata-rata

- 4) Data dianalisis ngagunakeun *software IBM SPSS Statistics version 18. Statistical Product and Service Solutions (SPSS)* mangrupa hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik. Data input anu dianalisis nyaéta data hasil *pretest*, *posttest*, jeung indeks gain anu bakal dijabarkeun dina output hasil analisis SPSS.

3.7.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan nyaéta dilakukeun ku dua cara anu mangrupa uji normalitas jeung uji homogenitas.

3.7.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nyaéta uji sipat data anu fungsina pikeun meunangkeun hasil distribusi normal atawa henteu data anu dipaké dina

hiji panalungtikan. Pikeun nangtukeunna nya éta digunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov* atawa uji sampel *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap:

H_0 : Distribusi data normal

H_1 : Distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$). Kriteria ngujina saperti ieu di handap:

H_0 ditarima atawa H_1 ditolak, nalika nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditarima atawa H_0 ditolak, nalika nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.7.1.2 Uji Homogenitas

Uji homogenitas mangrupa uji minangka méré gambaran homogén atawa henteuna variasi sampel dina populasi nu sarua. Anapon hipotésis pikeun uji homogenitas saperti ieu di handap:

H_0 : Varian sampel homogén

H_1 : Varian sampel teu homogén

Uji homogénitas dilakukeun ku uji Lavence ku taraf signifikansi 5% ($\alpha = 0,05$). Kriteria ngujina saperti ieu di handap:

H_0 ditarima, nalika nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditolak, nalika nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.7.2 Uji Hipotésis

Ditarima atawa henteuna hipotésis ngagunakeun dua acara, nya éta ngagunakeun uji statistik parametrik jeung uji statistik non parametric (Sugiyono, 2017, kc. 150). Statistik parametrik digunakeun nalika data anu dianalisis distribusina normal kalawan ngagunakeun uji t-tes. Sedengkeun statistik non parametrik digunakeun saupama data anu dinalisis distribusina teu normal kalawan ngagunakeun Wilcoxon Match Pairs Test.

Ditarima henteu na hipotésis dumasar kana kriteria saperti ieu di handap:

- (1) H_a (Hipotésis Alternatif) : Modél *Student Team Achievement Division* (STAD) miboga pangaruh pikeun ngaronjatkeun

kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018. $H_0: \rho \leq 0$ $H_1: \rho > 0$

- (2) H_0 (Hipotésis Nol): Modél *Student Team Achievement Division* (STAD) henteu miboga pangaruh pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018. $H_0: \rho \leq 0$ $H_1: \rho > 0$